АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№3 (10050)

РУЗМАН

27 январь 2023 сон

5 РАДЖАБ 1444 СОН

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багъа эркенаб

■ РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСЕ - 100 СОН

# Конкурс «ГIолохъанав мухбир»

**Хириял цIалдохъаби! Дунялалдаго цIар рагIарав магIарул халкъияв шагIир Расул ХIамзатовасул 100 сонилаб юбилей кIодо гьабун, гIемерал тадбирал тIоритIизе руго гьаб соналъ тIолго пачалихъалда, республикаялда, ай нилъер районалдаги. Гьел тадбиразулъ жигараб гIахьаллъи бихьизабиялъул тIоцебесеб гали лъолеб буго райгазеталъ цIалдохъабазда гьоркьор «ГIолохъанав мухбир» къеци лъазабун..**



Расул ХIамзатовас жиндирго тIоцересел кучIдул хъвана 9 сон бараб гIужалда. 1937 соналъ «Большевик гор» газеталъ къватIир риччана гьесул тIоцересел асарал.

Гьелъ, Расулил юбилейги багьанаде ккун, гIолохъанал гьунарал тIатинаризе хьулалда нижеца байбихьи лъолеб буго кIудияв шагIирасул 100 сон тIубаялде гIуцIараб творческияб конкурсалъе.

Конкурсалъул аслияб мурад цIалдохъабазул газеталъулгун бухьен цIикIкIинаби, гIолохъанал гьунарчагIи загьир гьари ва рахьдал мацIалде рокьи цIикIкIинаби.

Конкурсалда гIахьаллъизе бегьула цIалдохъаби саназда рекъон, 2 категориялда:

- 12 сон базегIан
- 13-17 сон барал.

<u>Конкурс тIобитIизе буго 3 батIияб номинациялда:</u>

**1-себ номинация «Бищун лъикIаб макъала»**

Номинациялда рекъон, хIадуризе бегьула росдал тарихалъул, яги жакъасеб ахIвал – хIалалъул тема, росдал ва росуцоязул рукIарахъиналъул, ялъуни церетIеязул хIакъалъулъ макъалаби. Босизе бегьула бокьараб эркенаб тема.

**2-леб номинация « Литературияб жанр»**

Гьаб номинациялда рекъон, шигIриял асарал. КучIдузе къимат кьезе буго рагIул къотIелалъул гIуцIи, магIна ва кочIолаб каламалъул гьаркьилаб рахъалъул гIуцIи рекъонккеялъухъ балагьун. Гьединго хъвазе бегьула хабар, маргьа, басня ва цогидаб бокьараб литературияб жанралда асар.

**3-леб номинация «ЩИял харбал»**

Гьаб номинациялда рекъон, къимат кьезе буго бищун лъикI хъварал цIиял харбазул макъалабазе. Гьениб букIине бегьула росулъ, районалда, ай школалдацин ккараб лъугьа-бахъин. Аслияб иш буго – бокьараб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ гьираялда, творческияб хIалалда, цIализе бокьуледухъ хъвай.

Макъалаби редакциялъ къабул гьарула кверлъ хъваралги, электронияб форматалда ритIаралги.

ХIалтIаби ритIизе бегьула 30 январалдаса 30 сентябралде щвезегIан. Нижехъе битIараб кагътида букIине ккола авторасул цIар, фамилия, росу ва телефоналъул номер.

ХIасил гьабизе буго 2023 соналъул октябрь моцIалда.

Лъабабго номинациялъул хIасилалги гьарун, бищун лъикIал авторазе кьезе руго шапакъатал ва рахьизе руго «Цолъи»ялъул гьурмазда. Гьезда гьоркьоса редколлегиялъ ва жюриялъ бищизе буго бищун лъикIаб 3 макъала (1-себ, 2-леб, 3-леб бакI), саназда рекъон, кIиябго категориялда.

Макъалаби рукIине бегьуларо цIакъго кIудиял-гIорхъи чIезабулеб буго А4 форматалъул 12 шрифталда кIиго тIамач.

Кинабго материал битIизе бегьула редакциялъул электронияб адресалде gazeta.yedinstvo@mail.ru, ялъуни почтаялъул адресалде: РД, Шамильский район, с.Хебда, ул. им. Шамиля, 50.

Конкурсалъул мухIканлъи цIехезе бокьарал кIалъазе бегьула гьал номеразде: +7 989 888-36-38, +7 988 304-08-90.

Кагътида тIад конкурсалъул ва номинациялъул цIар хъвай!

■ ДАНДЕЛЪИ

# ХIалтIи-пиша къанунназда рекъезабизе ккун буго

**Шамат къоялъ райадминистрациялда тIобитIана нилъер районалда къанунназда рекъон гьарурарел предпринимателазул хIалтIаби, регистрацияги гьабун, букIине кколеб хIалалде рачиналъул суал борхараб данделъи.**



Гьениб гIахьаллъи гьабизе щвана Дагъистаналъул ХIукуматалъул председателасул заместитель ГIабдурахIман МахIмудов, ДРялъул захIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министр Мурад Казиев, районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, полициялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, районалъул социалиял хьулухъазул нухмалъулел, налогал ракIарулеб идараялъул вакил, ХIебда ва Гъоор росабазул бегавулзаби ва муниципалиял межведомствиял комиссиялъул вакилзаби.

Жиндирго кIалъаялъул байбихьудаго ГIабдурахIман МахIмудовас бицана регистрация гьечIел предпринимателазул хIалтIаби къануналда рекъараб куцалде ккезариялъе ва ДРялъул бетIер Сергей Меликовас ХIукуматалда цебе лъураб



аслияб масъалаялъул. Предпринимателазул пиша законалда рекъараб куцалде ккезабулеб гьеб мисалияб проект тIоцебе хIалтIизабулеб буго Шамил ва Кумторкала районазда, гьединго Избербаш шагьаралда.

ДандчIваялда гIахьаллъараз дандрана регионалияб ХIукуматалъул межведомствияб комиссиялда ва социалияб хъулухъазул нухмалъулезда цере лъолел ругел гIаммал хIалтIабазул.

Хадубккун, данделъиялда ракIараз жидерго пикраби загьир гьаруна ва хIажатал суалазе жавабал тIалаб гьаруна.

Данделъиялъул ахиралда районалъул бетIерас ахIана киналго балъгоял пишаби тIагIинариялъе гIаммаб хIалтIи гьабизе ва баркала кьуна тIаде щварал гьалбадерие.

Шамил районалъул межведомствияб комиссиялъ хал гьабун, 82 предприниматель тIатун вуго регистрация гьечIого хIалтIулел. ГIагараб заманалъ коммерческияб объектазул хал гьабизе, дандекквезе ва хIажатал тадбирал гьаризе тIад къана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.

П. ЖАМАЛУДИНОВА

АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Нижеца рухI кьуна нуж чIаго рукIине

**Ленинград шагьар тIубанго сверун кквей ккола КIудияб ВатIанияб рагъул тарихалъулъ бищун вахIшияб гьумер. Инсаниятальул тарихалда гьечIо цойги гьелда релълъараб мисал. 900 гIанасеб сордо-къоялъ халатбахъана ракъи ва гIакъуба, бихьизабуна бахIарчилъи ва къо хIехьей. Дунялалъулго цониги рагъулал тарихазда гьечIо Ленинград шагьаралда гIадин бергьенлъиялъе гIоло гIумруялдаса ратIалъаразул къадар. Ленинградалъул чадил 125 грамм лъугьана гIумру гьабиялъе ва хьулкъотIиялде данде чIараб гIаламатлъун. Гьеб чадил гьитIинаб бутIа жакъасеб къоялъул чадида релълъарабцин букIинчIо.**

Щибаб соналъул 27-леб январалда тIолго улкаялда тIобитIула «Блокадаялъул чед» абураб, рагъул саназул бищун вахIшияб тарих ракIалде щвезабиялъул тадбир. 1941 соналъул 8 сентябралда немцазул ва финназул аскарияз сверун ккуна Ленинград шагьар. Гитлерилазул планалда рекъон, Ленинград шагьар тIубанго ракьалдаса хъвагIазе кколеб букIана. Асирлъиялде босизе гьеб гьукъун букIана. Щибаб сордо-къоялъ реххулел гIарадабаз щущазаруна шагьаралъул гIумру-яшавалъе къваригIунел аслиял объектал: ток кьолел станцияби, кванил нигIматазул ва цIатариялъул складал, лъадал мухъал ва гь.ц.

27 августалдаса нахъе хьвадичIо маххул нухалъул транспорт. Блокада байбихьараб заманалда шагьаралда хутIун рукIана 2,5 млн гIадамал, гьездаса 400 азаргоялде гIунтIун лъимал. Ракъуца хвечIого рукIиналъе Ленинград шагьаралда чIезаруна кване кьварарал гьукъиял. Кваназе жо гьечIолъиялъ, гIуцIун букIана карточкабазулаб система,



инженериялгун техникиял хIалтIухъабазе сордо-къоялда жаниб кьолеб букIана 400 грамм чадил, хIалтIухъанасе-250 грамм, цогидазе-125 грамм. Амма гьелдагицин гъорлъ гIемераб жо жубаялъ чедин абизе захIмат букIана.

Ракъул хIасилалда шагьаралда баккана цинга ва дистрофия унтаби. Ракъиялдаса хвасарлъизе гIоло ленинградалъулаз кваналел рукIана гъеду-хIинчI, кутул, гIункIкIал. Гьелдаго цадахъ шагьаралда рещтIана цойги тушман. 1941 соналъул хасел букIана бищун квачараб. Ракъун ва квачан Ленинградалда хвана 1 миллионалдаса цIикIкIун инсан. Гьезул 97% кколеб букIана ракълилаб халкъ.

Ленинградалъул гIадамазе хвасарлъиялъул гIаламатлъун цохIо чадил 125 грамм гуро букIараб. Гьел киналго данде гьаруна тушманасул гьужумалде данде къеркьеялъе гIоло цолъиялъ ва гъункиялъ. Улкаялъго кумек гьабулеб букIана тIубанго сверун ккураб шагьаралъе. Гьаваялдаса реххунги, «гIумруялъул нух» -Ладога хIоралдасаниги шагьаралде кумек щвезабизе хIаракат бахъулеб букIана киназго. Амма гьелъул къадар цIакъго дагьаб букIана.

«Лъим, ханжу ва дугIа» - ян цIар лъун букIана ленинградалъулаз гьеб чадил мицIиралда. 125 грамм чадил кьолеб букIана 20-абилеб ноябралдаса 25-абилеб декабралде щвезегIан. Гьеб заманаялъ ракъиялъ хваразул къадар бахун буго 50 азаргоялде. Жаназаби ракIаризе ва рукъизе гIолеб букIинчIо къуват. Жидерго къварилъиялъул ва къо хIехьеялъул хIакъалъулъ хъварал тIанчал цIалиялъ ракI гъанцIизабула гьанжесел гIадамазулги. 1943 соналъул 18 январалдаса байбихьун дагьдагькккун блокада бахъизе байбихьана. ТIубанго Ленинград шагьар эркен гьабуна 1944 соналъул 27 январалда.

Блокадаялъул жаназаби рукъараб Пискаревалъулаб хобазул ракIалдещвеялъул хъорщода рикIун руго поэт Р. Рожденственскиясул гьал рагIаби: «Нуж чIагоял, нужеда лъай! Нижее гьаб ракьалдаса ине бокьичIо, нижеца гьаб ракь течIо. Ниж хвалиде данде къеркьана чIегIераб Неваялъул рагIалда. Ниж хвана, нуж чIаго рукIине!»

Жакъасел гIелазе цIакъго хIажаталлъун руго гьел рагIаби!

Гьел тарихиял кьогIал къоял ракIалде щвезариялъ, бичIчIи кьола нилъеда гIагарлъухъ цIилъун бачIараб нацизмалде данде къеркьеялъ кинаб вахIшилъиялдаса цIунулел ругел хадусел наслабиян.

Нилъеда абадиялъ рекIелъ хутIила Ленинградалъул халкъалъул бахIарчилъи. ГIелалъ гIелалъухъе кьун, теларо нилъеда гьел кIочон.

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

## Чвахе магIарул калам

**26 январалъ ХIебда гьоркьохъеб школалда тIобитIана дагъистаниял авторазул асарал пасихIго цIалиялъул къецал.**







Санайил тIобитIулеб конкурсалъул мурад буго Дагъистаналъул шагIирзабаз хъварал асарал пасихIго цIализе, рагIул магIнаялъе къимат кьезе цIалдохъабазда малъи ва гIун бачIунеб гIел рахьдал мацI бокьулеблъун куцай. Гьенир гIахьаллъизе рес букIана гIицIго 11-лел классазул цIалдохъабазе. Исана Гъогъолъ, Ракьуб, Ругъелда, КъахIиб, ХIебда, ТIидиб, ГIасаб, ТIогьохъ, МачIада, Бакълъухъ, ТIасабакълъухъ ва ХIотода школаздаса рачIана пасихIго кечI цIалиялъе гьунар бугел гIолилал.

ЦIалдохъабазул церерахъиналъ рекIее кIудияб асар гьабуна жюриялъе ва балагьаралщиназе. ХIалуцараб къецалда жюриялъул гIаммаб пикруялда рекъон, бергьенлъи босана ХIебда школалъул цIалдохъан СагIадуев МухIамадица. Гьев гIахьаллъизе вуго февралалъ республикаялъул этапалда. ЦIакъ лъикIал хIадурлъигун щварал гIахьалчагIазе призалъулал бакIал кьезе захIмат букIана жюриялъе, гьединлъидал лъикIаллъун рихьизаруна чангоял. 2-леб бакIалъе мустахIикълъана КъахIиб, ТIидиб, ХIотода школазул цIалдохъаби, 3-леб бакIалде рачIана МачIада, ТIогьохъ, Бакълъухъ ва ТIасабакълъухъ школазул цIалдохъаби.

НИЖЕР МУХБИР

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

## Каспийскалда Шамил районалъул мажлис

**21-леб январалъ Каспийскалда СагIит-афандил (къ.с.) цIаралда бугеб централияб мажгиталда тIобитIана Шамил районалъул кIудияб мажлис.**



Мажлисалде щвана Бакълъухъа гIалимчи, Муфтияталъул маслихIаталъул отделалъул нухмалъулев, ДРялъул Муфтиясул кумекчи СагIадуев МухIамадрасул, ДРялъул Муфтиясул заместитель АхIмад МухIамадов, районалъул имам МахIмуд-афанди Думалаев, районалда дагIваталъул бетIер ХIабибулла МухIамадов, росабазул имамзаби ва цогидал диниял церехъаби.

Мажлисалда гIахьаллъарал гIенеккана берцинго цIалулел Куръаналъул аяталгун нашидазухъ, нилъер районалъул машгьурал гIалимзабазул жакъа къоялъе хIажатал суалаздасан вагIза-насихIатазухъ. ГIахьалчагIазда гьоркьоб лъабгоязе бергьана гIумра-хIажалъе путевкабиги.

ЦIорораб гIуж бугониги, шагьараздаса ва районалъул росабалъа жамагIатал ракIарана мажлисалда. СагIит-афандил цIаралда бугеб кIудияб мажгиталъул этажал цIун рукIана бихьиназ ва лъималгун руччабаз.

«Кавсар» группаялъ ахIарал панаял нашидаз жеги берцинлъи кьуна мажлисалъе. КIиазарго чиясе хIисаб гьабун, мажлисалде рачIаразе хIадурун букIана хинаб квен. Баракатаб тадбиралъул ахиралда гьоркьов чи течIого кваназаруна зияратчагIи.

П. ЖАМАЛУДИНОВА

■ ЩИБГО КIОЧОН ГЪЕЧIО, ЩИВГО КIОЧОН ГЪЕЧIО

# Умумузул биялъ чурун цIунараб буго нилъер ВатIан



Нилъер республикаялда ва гIагараб Шамил районалда гIемераб хIалтIи гьабулеб буго КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул цебе букIараб бахIарчилъиги, гьез нахъа тараб захIматаб рагъулаб нух мустахIикъаб куцалда гьанжесеб гIелалда бихьизабизе ва кIодогьабизе. ГIун бачIунеб гIелалъе патриотияб тарбия кьеялъул рахъалъ аслияб бакI кколеллъун руго КIудияб ВатIаналда цебе налъи тIубазабулаго рухI кьурал 27 млн чиясул мисал.

Россиялъул регионазда гьоркьоб дагъистаниязе чIухIизе рес буго нилъер гьаниб патриотияб тарбия кьеялъул иш борхатго букIиналъ. Гьеб цIакъго якъинлъана гьаб Украиналда унеб бугеб къеркьеялъулъ, нилъер ВатIаналъул ракь цIунулезул хIаракатчилъиялъулъ ва багьадурлъиялъулъ. 1418 сордо-къоялъ халат бахъараб, доб КIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъи гьабуна Шамил районалдаса 2075 цIикIкIун чияс.

ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул кьерал соналдаса соналде дагьлъана, мустахIикъаб нухги тун, гьел ана ахираталде. Нилъеца хIалтIизабулеб буго ва гьабизеги буго гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун букIине гьез нахъа тараб рагъулъ ва рагъ лъугIун хадуб улка тIегьазабизе къеркьолаго тараб бахIарчияб нух, жигарчилъи. КIудияб ВатIанияб рагъде (1941-1945) арав щивав районцоясул буго нилъ чIухIизе ккараб рагъулаб нух.

Нилъеда, ай нилъер халкъалда, хасго гIун бачIунеб гIелалда, кидаго кIочене бегьуларо СССРалъе гьабураб зарал тушманаз-фашистаз. Умумул чIван бесдал хутIарал лъимал, къороллъуда хутIарал руччаби. Нилъер ВатIаналъул буголъи-экономика цIакъ нахъе ккезабуна. 25 млн хъизан рукъ гьечIого хутIана, 30% миллияб бечелъиялъул ками ккана, 6 млн. биххараб мина, 32 азаргоялдасаги цIикIкIараб биххараб промышлениял предприятиял-заводал ва фабрикал. Риххизаруна гIемерал колхоз-совхозал, рагъул соназ Армиялъе, шагьаралъул хIалтIухъабазе кванил продуктаби, ретIел-хьит, рагъул сурсатал къасикъад чIечIого хIалтIун хьезарулел рукIарал предприятиял. Рагъул соназда Германиялде арал рачун 4 млн. советиял гражданал, гIемерал чуял, чIегIерхIайванал, чанги багьа хириял экспонатал ва гь.ц.

Заман анагIан рагъул кьогIал къоял рикIкIалъулел ругониги, гьел судулел рагъул сонал нилъеда кIочонаро. Нилъ рижараб ВатIаналде, гIураб ракьалде гIун бачIунеб гIелалъул рокьи куцазе ккани, лъазе ккола нилъерго тарих, умумузул бахIарчияб лъалкI, гьезул гьунар, бихьинчилъи ва ВатIаналде букIараб рокьи, букIиниселде букIараб ракIчIей.

Районалъул захIматчагIазда гъорлъ, хасго школлъималазда гьоркьоб гьабулеб буго патриотикияб тарбия кьеялъе гIемерал батIи-батIиял тадбирал. Рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвезарула, гьезул сураталгун байрамазда цере рахъуна. Рагъдаса тIад руссинчIезул памятниказда цере тIугьдул лъола, цIалула кучIдул, гьезул бахIарчияб нухлул бицуна. Амма нилъер тарихалда цебе нилъеца кинго биччазе бегьуларо такъсирчилъи. Нилъер цIар арал умумуз ВатIаналъе гIоло кIудияб бахIарчилъи гьабун батана. Жакъа нилъеца рагъ гьабизе хIажат буго террористазде, наркоманазде, бандитазде, батIияб нухалде унезде данде. Нилъер гIун бачIунеб гIел буго цIакъ заралиял, рухI бугел гьечIониги, алатазул кверщаликь. Хасго вагьабиязул ва къватIисел хIукуматалъул асараз кодор росизе жигар бахъулеб буго гIолеб гIел. Гьединлъидал, хIажат буго ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи гурелги, даим ракIалде щвезе ккела Граждан рагъул, Венгриялъул багъа-бачариялъул, Афгъаназул, Чачаназул рагъулал компаниязда, гьабсагIат нилъер ракьал Луганск, Донбас, Херсон цIунулаго унел ругел рагъазулъ, Дагъистаналъул гIолохъабазул бахIарчилъи, гьезул хIинкъи гьечIолъи. ЦIакъ гIемерал рагъухъабазе кьуна ва кьолелги руго орденал, медалал. Щуго дагъистанияв вахъана БахIарчилъун. ТIолабго Дагъистаналъ рагъда бергьиналъе гIоло, цохIо бахIарчилъи- бихьинчилъи бихьизаби гуребги рагъул сурсат, ретIел-хьиталъ, кванил нигIматаз хьезарулел руго аскариял.

Доб ВатIанияб рагъда тушманасде данде къеркьолел рукIарал гIолохъанаб гвардиялъул (Олег Кошевоясул, Улья Громоваялъул, Сергей Щевчевасул, Зоя Космодеянскаялъул ва цогидазул) шагьаразда унеб буго жодор цIоб-рахIму гьечIел бендеровцаз багъаризабун, Америкаялъул вахIшиял чияр ракьал рахъизе жигар бахъулел гъачагъазул нухмалъиялда гъоркь рагъ. ХIажат буго гIун бачIунеб гIелалъе жегиги бичIчIи кьеялъул хIалтIи борхизабизе херазул Советаз школазда, гьеб гьечIин гуро абулеб бугеб. Дарсазда цебего гIадин, Н.Островскиясул «Лъадарун къвакIараб чаран», М.А. Шолоховасул «Гьал рагъана ВатIаналъе гIоло» ва «ГIуру къараб ракь», А.А. Фадеевасул «ГIолохъанаб гвардия» гIадал асарал лъазаризе цIидасан.

Нилъеца жигар бахъизе ккола квешал алатаздаса, ай квешлъиялдаса гIисинаб гIел цIунизе. Жигар бахъизе ккола лъималазулъ ва гIун бачIунеб гIелалъулъ гIарцуде, бечелъиялде бигьаяб гIумруялде гуреб, ВатIаналде, гьелъул тарихалде, умумуз биялъ чурун къураб гIумруялде рокьи бижизабизе. Къо бихьичIого рахIат ва эркенлъи щунгутIи бичIчIизабизе. Кидаго дие щиб щвезе кколеб пачалихъалдасан ургъулел рукIинчIого, дица пачалихъалъе, гIадамазе щиб хайир-пайда кин гьабилебан ургъизе тIамизе. Нилъер цIар рагIарав Расул ХIамзатовас гьабулаан ВатIаналъе ва хIажатазе кумек.

**ЦIад къваригIарабго щвараб**
**бакъищ дун,**
**Яги бакъ къваригIарабго бараб**
**горойищ дун?**
**Бугищ гIадамазе щибго дир хайир?**
**ГIададайищ ракьалде дун вачIун вугев?**
**(Р.ХIамзатов)**

Гьел рагIабаз нилъ ахIулел руго ВатIаналъе, гьелъул халкъалъе пайдаялъе къеркьезе!

**Заирбег МУХIАМАДНАБИЕВ,**
**ТIогьохъ росдал ветераназул**
**Советалъул председатель**

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

# Разъяснения о выплатах



Министерство труда и социального развития Республики Дагестан через управление соцзащиты осуществляет следующие меры социальной поддержки:

-ежемесячное пособие на ребенка в размерах:

-базовый размер - 235 руб.,

-на детей одиноких матерей - 470 руб.,

-на детей, родители которых уклоняются от уплаты алиментов, либо, когда взыскание алиментов невозможно, а также на детей военнослужащих, проходящих службу по призыву – 353 руб.;

единовременные денежные выплаты, в том числе при рождении:

- пятого и каждого последующего ребенка в размере - 20 000 рублей;

- одновременно двух детей в размере - 20 000 рублей;

- десятого и каждого последующего ребенка в размере - 300 000 рублей;

- одновременно троих детей в размере - 100 000 рублей;

- единовременное пособие при возникновении поствакцинальных осложнений в размере -10 000 руб. и ежемесячная компенсация в размере - 1 565,87 руб.

- единовременная денежная выплата на детей, поступающих в первый класс, из малоимущих многодетных семей в размере - 2 445 рублей;

- предоставление микроавтобуса малоимущим многодетным семьям, при рождении (усыновлении) с 1 января 2022 года десятого и каждого последующего ребенка, возраст старшего ребенка в которых не превышает 23 года;

- ежемесячная денежная выплата на ребенка в возрасте от трех до семи лет включительно, гражданам подавшим заявление на выплату в 2022 году, в размерах 6 533,00 руб., 9 799,5 руб., 13 066 руб.;

Необходимо отметить, что прием заявлений на выплату пособия на ребенка в возрасте от 3 до 7 лет управлениями соцзащиты с 1 января 2023 года не осуществляется.

Для детей достигших 3-летнего возраста после 1 января 2023 года, его заменит ежемесячное пособие в связи с рождением и воспитанием ребенка (так называемое «единое» или «универсальное» пособие), предоставляемое Социальным фондом РФ (Пенсионный фонд РФ).

Пособие на ребенка в возрасте от 3 до 7 лет, назначенное ранее в 2022 году, будет предоставляться в 2023 году управлениями соцзащиты до окончания срока назначения данной выплаты или до назначения ежемесячного пособия («единое» или «универсальное»), по выбору заявителя.

С 1 января 2023 года гражданам, ранее не получавшим пособие на ребенка от 3 до 7 лет, и гражданам, которым данная выплата будет прекращена в связи с окончанием срока, необходимо обращаться за ежемесячным пособием («единым» или «универсальным»), в Социальный фонд РФ.

Отметим, что с 1 января 2023 года, ежемесячное пособие в связи с рождением (усыновлением) первого ребенка в размере - 13 066 руб. осуществляется также Социальным фондом по РД.

Получателям пособия на первенца не нужно никуда обращаться, чтобы переоформить выплату и продолжать получать ранее назначенное пособие. Переход на перечисление средств из Социального фонда РФ произойдет автоматически по реквизитам, предоставленным ранее в управление соцзащиты.

**Министерство труда и социального развития**
**Республики Дагестан**
**(Взято с сайта https://dagmintrud.ru/ )**

■ БАРКИЯЛЪУЛ ВА БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

# ТIадегIанав тIабиб Гъазиясул МухIамадил ХIажимурад

ТIелекь участковияб больницаялъул врач Гъазиясул МухIамадил вас ХIажимурад гьавуна 1952 соналъ. 70 сонилаб гIумруялде вахарав ХIажимурад вуго цIакъ росуцоязе мунпагIат цIикIкIарав, гIемераб хIалбихьи бугев тохтир.

ТIелекь росдал тIоцебесеб гьоркьохъеб школаги лъугIун, ХIажимурад МухIамадов цIализе лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул училищеялде – фельдшеразул отделениялде. 1974 соналъ цIалиги лъугIун, гьев уна армиялде. Германиялда армиялъул хъулухъ лъугIизегIан медиклъун вукIун вуго ХIажимурад. Гьес бицуна кутакаб гьира букIанин мединститутальде цIализе лъугьине. Гьедин, армиялдаса гIебеде вачIингун, 1977 соналъ цIализе лъугьана Дагъистаналъул медицинаялъул институталде. Гьебго соналъ лъугьана хIалтIизе шагьаралъул хехаб кумекалъул отделениялдеги.

1983 соналъ институт лъугIигун, гьев витIула Каспийскалъул лечебный отделениялде врач-интернлъун. ЛъагIалидасан хIалтIизе витIун вачIуна Советский (Шамил) районалъул больницаялде педиатрлъун. Ункъго соналъ гьенивги хIалтIун, ХIажимурад витIула ТIелекь участковияб больницаялъул бетIерав врачлъун. 2017 соналдаса нахъе гьев хIалтIулев вуго «врач общего профиля» цIаралда гьоркь росулъ больницаялда.

«ТIоцебе медицинаялде рокьи бачIиналъе гIилла ккана «Здоровье» абураб журнал. Гьеб цIаларалдаса хадуб, гьира бижун, байбихьана лъазабизе медицина,-ян бицуна гьес. - Гьаб врачлъи гьабизе байбихьаралдаса нахъе дир мурад буго дихъа бегьараб хIалалда Аллагьасул кумекалдалъун бацIцIадаб ниялда Аллагьасе гIоло гIадамазе, гьезул сахлъи цIуниялъе хIалтIи гьабизе ва дихъа бегьараб кумек гьабизе».

Гьеб нияткIбацIцIадго тIубалебги буго гьес гIемерал саназ. Исламалъул нухда куцарав ХIажимурад батIиявлъун вукIине ресги букIинчIо. Гьесул эмен Гъазиясул МухIамад вукIана хъизан гьабуралдаса нахъе къед бан, хIалтIи гьабун хIалалаб магIишаталъул инсан. Гьединго, гьев вукIана жиндир магIбуд тIадегIанав, Аллагьасде рокьи бугев, Аварагасул (с.гI.в.с) суннат цIунарав, Аллагьасул вализаби – машаихзаби жиндий рокьарав чилъунги.

ГIадамазе пайда цIикIкIарав чи Аллагьасда цевеги тIадегIанавлъун вихьула. 70 сонилаб юбилейги баркун, цадахъ хIалтIулел пишацояз баркулеб буго ва росуцояз кIудияб баркала загьир гьабулеб буго ХIажимурадий. Аллагьас сахлъи кьеги жеги гIемерал саназ росуцоязул сахлъи цIуниялъул хъаравуллъуда чIезе.



**ТIелекь участковияб больницаялъул коллективалъул гьариялдалъун хъвана ТI. МУХIАМАДОВАС**

***

Канлъи сунел берал, босун гьурмал кьер,
ХIалица Аллагьан шурулел кIутIби,
Эбелалъул магIу, яцазул бухIи,
Лъадиялъул угьди, лъимадул гIоди.

Аллагь, гурхIайилан гьабулеб дугIа,
Хьул къотIун, цересез къачIалеб мусру.
Балагьазул накIкIал рикьизе гьарун,
БакъгIадинан тIаде гIунтIулев тIабиб.

МугIрул кереналда гьитIинаб росу,
ТIокIаб гьечIеб кумек, бецIаб сардил гIуж,
Секундаз кватIани, гьечIеб хвасарлъи,
Таваккалго квераз къачIалеб ругьун.

Аллагьасул рахIмат, унго камиллъи,
Чвахулеб биялъул къотIана чили.

Жибрил малаикги мун гурев лъала,
ТIелекьа ХIажимурад МухIамадил вас.

Эбелалъ лъимадул кинидахъ гIадин,
Чан сордо рогьараб дуца щокъавгун,
Гьезул захIмат бикьун, тIадеги босун,
Разилъи загьирлъун,
пашманлъи бахчун.

Чан дуе гьимараб холесул гьумер,
Хвел нахъе хъамулеб
гIелму дулъ батун?
Чан магIуги бацIцIун духъ ралагьарал,
Баркалаян, унтул бигьалъи ккедал?

Чан аппаратална букIараб лъимер,
Дуе басандараб палатаялда?

Чан восун хIалица духъе вачIарав,
Дуе реццги гьабун,
берталъ къурдарав?

Мун цадахъ ругезе ракI бащадав вац,
Лъараб малъиялъе лъикIав мугIалим,
ЗахIмат бигьалъулеб, унти бахъулеб,
Иманияб тIабгIалъ берцин гьавурав.

Сахлъи цIуниялъул тIокIав хъаравул,
АлхIамдулиллагь мун нижее къурав.
Нижер ургъелабаз макъу гьечIев дуй,
Кьейги БетIергьанас
РИЗВАЛЛАГЬ макъам.

**КIудияб хIурматгун ЗакарияхIажи ХАМАГОВ**

■ МИЛЪИРШО



**Расандулаго рикIкIунел кучIдул**

Адин наку, додин наку,
Данде гIучIал бичIан наку,
Гъалъаб сагърал сакIил наку,
Ссанда мокъокъил наку,
Къеда тIутIазул наку,
ТIохда хIанчIазул наку,
ХIорда къуркъбузул наку,
Къадалъ борхьазул наку.

* * *

Дикьа къур, къеда кIус,
Къаси гьабе гIатIал карщ,
Дунги ахIе чIикIизе,
ЧIикIва гъудалги росун.

**ГIакълабазул къулгIаялдаса**

Гьерсидаги бугьтаналдаги божиялъ, гIемеразул гьудуллъиги биххана, гIемерал минабиги чIунтана.

***

Жиндиего гIоло гIумру гьабулев чиясул гIумру, унго-унгояблъун кколаро.

***

ЛъикIаб рагIи, лъукъараб ракIалъе дарулъула.

***

Къварилъиялде ккарав гьудул рехун тоге.

***

РитIухъавлъун вукIине бокьун батани, ритIухъал гьудулзабиги рукIине ккола.

## ЧIухIухъан

Цо цIакъ чIухIарав чи вукIанила. Къойил, нахудаса рацIцIунаго михъалгун, вачIунаанила гьев годекIаниве. Валлагь, жакъаги хинкIалги, хинкI гIанасеб мохмохги квананаян, вецдарулаан гьев.

Цо къоялъ, гьединго михъалги рацIцIунаго, вачIун годекIаниве щварав гьесда рагьида гIодулей яс йихьанила.

- Мун щай гIодулей? - ан цIеханила инсуца.

- Дада, дуца михъазда бахунеб букIараб мохмох катица ана!-ян ахIданила яс.

ЧIухIухъанасул михъал далун анила, аскIор рукIаралги гIагIаялда релъанхъанила.

**(«МагIарул халкъиял маргъаби» тIехьалдаса босараб)**

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовальул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевальул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял сонazда газета къватIибе бачIунеб букIана "ЦIияб канлъи" ва "БагIараб цIва" абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностальул кьимат кьезелъун.
Нижер электрониябпочтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50